

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode, Désain, jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Dina ngalakukeun hiji panalungtikan perlu pisan ayana méthode salaku léngkah gawé panalungtik pikeun nyingkahan ayana salah paham jeung pikeun méréскеun masalah.


Nurutkeun Arikunto (2002:136) méthode panalungtikan nyaéta cara anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikanana.

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nyaéta méthode panalungtikan anu ngagambarkeun jeung ngaintérprétasikeun obyék saayana. Ieu méthode panalungtikan sok disebut ogé non-ékspérimén, sabab dina ieu panalungtikan teu ngalakukeun kontrol jeung manipulasi variabel. Tujuanana maké ieu méthode penelitian sangkan meunang gambaran ngeunaan basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi.

3.1.2 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa salah sahiji pakakas anu mangrupa bagan atawa gambar pikeun ngahontal tujuan panalungtikan.

Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Métode déskriptif dina panalungtikan mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa teu nyungsi makna implikasi.



Bagan 3.1
DÉSAIN PANALUNGTIKAN

3.1.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta (a) angkét jeung (b) wawancara.

a. Angkét

Angkét nyaéta hiji pakakas pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa saruntuyan patalékan anu diajukeun ka réspóndén pikeun meunangkeun jawaban. Téhnik angkét dilakukeun ku cara ngayakeun komunikasi

langsung jeung sumber data, atawa bisa ogé ngabagikeun angkét ka sumber data anu satuluyna dieusian.

Data anu dijaring tina ieu angkét nyaéta data réspodén jeung dipaké henteuna kecap basa Sunda dialék Suradé dina kahirupan sapopoé.

b. Wawancara

Wawancara nyaéta tanya-jawab antara anu ngawawancara jeung anu diwawancara pikeun ménta katerangan atawa sawangan ngeunaan hiji hal.

Wawancara dilaksanakeun ngaliwatan komunikasi langsung jeung masarakat.

Data nu dijaring tina wawancara nyaéta kandaga kecap basa Sunda dialék Suradé.

3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nepi ka datana leuwih gampang diolah (Arikunto, 2002:136).

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha instrumén anu dipaké, nyaéta: (a) angkét, jeung (b) pedoman wawancara.

a. Angkét

Conto angkét:

Kuésionér Informan

Kampung Désa /Kalurahan.....

Kacamatan: Suradé

Kabupatén: Sukabumi

1. Ngaran: Jenis Kelamin L/P
2. Umur:taun. Tempat tanggal lahir.....
(di jero/luar kampung/désa/kalurahan/kacamatan/kabupatén)
3. Pendidikan:
4. Matuh di désa timimiti:
5. Kungsi/teu kungsi cicing di luar désa/kalurahan/kacamatan/kabupatén di
ti mimiti nepi ka balik deui ka désa ti
mimiti.....
6. Kawin/can kawin
7. Basa nu dipaké di imah:
 - a. Basa.....
 - b. Basa.....
8. Basa di masarakat:
9. Basa di tempat gawé:
10. Basa lain nu dipaké:
Dina kasempetan.....

Wawancara tanggal.....2012

di..... jam.....

Nu ngawawancara.....

b. Pedoman Wawancara

Conto pedoman wawancara:

Tabél 3.1
CONTO PEDOMAN WAWANCARA

NO	Kandaga Kecap	Dipikawanoh	Dipaké	Kecap séjén nu dipaké
A. Pancakaki				
1.	Adi			
2.				
3.				
jsté				

3.3 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.3.1 Populasi

Populasi nyaéta sakabéh objék anu dijadikeun bahan dina hiji kagiatan panalungtikan, boh mangrupa barang, manusa, kajadian, atawa gejala-gejala anu bakal kaalaman kudu mibanda sifat-sifat nu sarua.

Populasi (objék) dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh kecap basa Sunda dialék anu dipaké ku masarakat Suradé Kabupatén Sukabumi. Subjékna nyaéta masarakat Suradé.

3.3.2 Sampel

Nurutkeun Arikunto (2002:109) sampel nyaéta sabagian atawa sakabéh populasi anu baris ditalungtik. Dina ieu panalungtikan dipaké sampel wilayah atawa

area probability sample. Sampel wilayah nyaéta téhnik nyokot sampel anu dilakukeun ku cara nyokot wakil ti unggal wilayah anu aya dina populasi. Téhnik *random sampling* dipaké lantaran populasi nu ditalungtik kacida loba jeung hétérogén, anu diwakilan ku 1 kalurahan jeung 2 désa nu dibagi kana tilu wilayah. Wilayah kota nyaéta Kalurahan Suradé, wilayah tengah nyaéta Désa Pasiripis jeung wilayah pasisian nyaéta Désa Kadaleman. Ti unggal wilayah ditangtukeun 7 réspodén.

3.4 Léngkah-léngkah Ngagarap Panalungtikan

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan dibagi kana opat tahapan, nyaéta tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap nganalisis jeung ngolah data, jeung tahap nyusun laporan.

3.4.1 Tahap Tatahar

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar ngawengku:

1. néangan katerangan ngeunaan masalah anu bakal ditalungtik (studi pustaka),
2. nangtukeun masalah, judul, jeung rangkay panalungtikan,
3. nyieun proposal panalungtikan,
4. ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan, jeung
5. konsultasi ka dosén pangaping.

3.4.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngumpulkeun data ngawengku:

1. ngumpulkeun data panalungtikan,
2. ngalaksanakeun obsérvasi,
3. ngayakeun wawancara,
4. ngainvéntarisir data anu asup, jeung
5. konsultasi ka dosén pangaping.

3.4.3 Tahap Nganalisis jeung Ngolah Data

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap nganalisis jeung ngolah data ngawengku:

1. mariksa jeung ngaidéntifikasi data,
2. data diklasifikasikeun dumasar kana indikator,
3. nyirian désa anu maké kecap-kecap dialék nu dianalisis,
4. nyieun péta géografis, jeung
5. nyieun kacindekan tina hasil analisis.

3.4.4 Tahap Nyusun Laporan

Laporan panalungtikan baris disusun dumasar kana aturan-aturan ilmiah winangun skripsi. Dimimitian ti BAB I nepi ka BAB V.

BAB I ngawengku bubuka, kasang tukang, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan, mangpaat panalungtikan, wangenan operasional, sarta anggapan dasar. BAB II ngawengku tatapakan téori, sagala téori-téori anu aya patalina jeung panalungtikan. BAB III ngajéntrékeun kumaha métode panalungtikan anu dipaké dina panalungtikan. BAB IV ngawengku déskripsi, analisis jeung pedaran hasil panalungtikan. BAB V ngawengku kacindekan jeung saran.

